# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–14 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

भारत–रत्न बाबा साहेब डाक्टर भीमराम आम्बेडकर के एक सौ चौतीसवीं जयंती पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ घोषण कइले हवे कि प्रदेस में जीरो पावर्टी कार्यक्रम क आयोजन अब बाबा साहेब के नाव पर होइ। उहां के कहलीं कि हर गरीब अउर वंचित के गरीबी रेखा से उप्पर उठावे बदे सरकार जीरो पावर्टी कार्यक्रम अपने हाथे में लेहले हउवे। ऐह कार्यक्रम में हर जरूरतमंद के सामिल कइल जाइ। मुख्यमंत्री आजु आम्बेडकर महासभा की ओरि से बाबा साहेब के जयंती पर लखनऊ में आयोजित कार्यक्रम के संबोधित करत रहले। उहां के कहलीं कि ई कार्यक्रम ऊ येहि महिन्ना से आगे बढ़ावे जा रहल हवे। पहिला फेरा मे येह कार्यक्रम से हर ग्राम पंचायत के बीस से पचीस अइसन परिवारन के जोड़ले क लक्ष्य होइ जवने लोगिन के अबहिन ले कइ गो सुबिधा नाही मिलि पावल हउवे।

***हम लोग पहले चरण मे ऐसे 14 से 15 लाख परिवारों को जोड़ने जा रहे हैं जिन लोगों के पास सभी प्रकार के सुविधाएं एक मुफ्त उन्हे उपलब्ध करवाने के कार्यक्रम को इसी महीने हम उसको आगे बढ़ाने जा रहे हैं। आप मान के चलिए की हर ग्राम पंचायत में 20 से 25 ऐसे परिवार होगें जिन्हे आज तक बहुत सारी सुविधाएं नही मिली होगी। वह सुविधा सरकार उपलब्ध कराएगी। डबल इंजन की सरकार उपलब्ध कराएगी।***

येह कार्यक्रम में उपमुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक, जल सक्ति मंत्री स्वतंत्र देव सिंह अउर समाज कल्याण मंत्री असीम अरूण मौजूद रहलें।

ओहर बाबा साहेब क जयंती प्रदेस के सज्जों जिलन में आजु धूम–धाम से मनावल जा रहल हवे। येह मौका पर करीब सज्जों जिलन में बाबा साहेब के मूरति पर फूल माला चढ़ा के ओन्हें सरधांजलि दिहल जा रहल हउवे अउर उनके व्यक्तित्व कृतित्व अउर राष्ट्र के प्रति उनके योगदान के याद कइल जा रहल हवे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में आयोजित फिक्की के राष्ट्रीय कार्यकारिणी समिति के बइठकी में हिस्सा लिहलें। बइठकी में फिक्की के प्रदेस के विकास में महत्वपूर्ण साझेदार बतावत उहां के कहलीं कि ई संगठन निवेसकन बदे सकारात्मक माहौल बनवले में सरकार क साथ दिहले हउवे। मुख्यमंत्री प्रदेस के अर्थव्यवस्था में भइल सुधार क चरचा करत कहलें कि आजु उत्तर प्रदेस बेमारू राज्य नाहीं हउवे, ई देस के अग्रणी अर्थव्यवस्था में सामिल हो के भारत क ग्रोथ इंजन बनि चुकल हउवे। देस क दुसरकी सबसे बड़हन अर्थव्यवस्था के रूप में उभरल हउवे। उहां के प्रदेस के इंफ्रास्ट्रक्चर के विकास पर जोर देत कहलीं कि पहिले राज्य क पहिचान खराब सड़किनि से होत रहे बाकिर आजु प्रदेस के लग्गे सबसे बड़हन एक्सप्रेस–वे नेटवर्क बाटे। प्रदेस सरकार एक्सप्रेस–वे पर बहुत बड़हन लैण्ड बैंक बना रहलि हउवे।

***उत्तर प्रदेस इस समय अपने एक्प्रेस–वे पर लैंड बैंक बना रही है, बहुत बड़े लैंड बैंक को आगे बढ़ा रही है। लगभग तीस हजार एकड लैंड बैंक हम लोग केवल हम अपने एक्सप्रेस हाइवे पर तैयार गंगा एक्सप्रेस–वे, पूर्वांचल एक्सप्रेस–वे, बुंदेलखंड एक्सप्रेस–वे और भी लिंक एक्सप्रेस–वे पे भी गोरखपुर लिंक एक्सप्रेस–वे, बलिया लिंक एक्सप्रेस–वे लखनऊ–कानपुर के बीच में एक्सप्रेस ग्रीन फीड एक्सप्रेस–वे शाहजहांपुर से फर्रूखाबाद होते हुए लखनऊ–आगरा एक्सप्रेस–वे पर भी हम इस लैंडबैंक को तैयार कर रहे हैं।***

मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस में छोटहन अउर मध्यम उद्योगन के पुनर्जीवित कइल गइल हउवे अउर उद्यमियन के सुरक्षा क गारंटी दीहल गइल हवे, जवने के नाते दुनिया भर क उद्यमी एइजा निवेस खातिर आगे आइल हवें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में केन्द्रीय प्रशासनिक अधिकरण क नया बनल भवन क उद्घाटन कइलें। येह अधिकरण में केन्द्र सरकार के अधिकारियन, करमचारियन के सेवा अउर नियुक्ति आ भरती से जुड़ल मामिलन क निस्तारण कइल जाई। येह मौका पर केन्द्र सरकार क कार्मिक लोक शिकायत अउर पेंशन राज्य मंत्री डॉक्टर जितेन्द्र सिंह मौजूद रहलें।

**********

महाकुंभ में पर्यटन के सम्भावना के देखले के बाद प्रयागराज क पर्यटन विभाग नौजवानन के रोजिगार दिहले के उद्देस्य से पर्यटकन के गाइड सेवा उपलब्ध करवले क पहल कइले हवे। येह योजना के जरिये पर्यटन विभाग महाकुंभ मेला अवधि में ट्रेनिंग दीहल गइल गाइड लोगिन के रोजिगार देई। ई गाइड प्रयागराज आवे वाले देसी–विदेसी पर्यटकन के धारमिक अउर ऐतिहासिक महत्व वाले जगहिनि क भ्रमण करइहें। एकरे खातिर विभाग ट्रेनिंग पावे वाले गाइड लोगिन के चयन क प्रक्रिया सुरू कइ दिहले हवे। प्रयागराज जिला क क्षेत्रीय पर्यटन अधिकारी अपराजिता सिंह बतउलिनि कि पर्यटक जब बेवसाइट के जरिये प्रयागराज के कउनहू होटल क बुकिंग करिहें त ओह पर ओन्हें गाइड लोगिन क पुरहर जनकरियो मिलि जाई।

**********

इण्डियन प्रीमियर लीग के मैच के क्रम में अब से थोड़कियें देर बाद लखनऊ के इकाना क्रिकेट स्टेडियम में चेन्नई सुपर किंग्स अउर लखनऊ सुपर जायंट्स के बिच्चे मोकाबिला होई। येह मैच में चेन्नई सुपर किंग्स हारि क सिलसिला खतम करे क हर कोसिस करी। प्रीमियर लीग क ई तीसवां मैच होई।

**********